

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina kumpulan buku carita rayat Cirebon salaku sumber data dina skripsi ini aya 17 judul carita nyaéta: “Syekh Subakir”, “Karajaan Banjaransari”, “Cikal Bakal Kota Cirebon”, “Silsilah Sunan Gunung Jati”, “Mengemban Tugas Yang Semakin Besar”, “Wafatnya Prabu Siliwangi”, “Pangéran Cakrabuana”, “Lahirnya Kesultanan Demak”, “Jatuhnya Raja Galuh”, “Bergabungnya Talaga dan Majalengka”, “Indramayu bergabung dengan Cirebon”, “Taman Air Sunyaragi”, “Makam Jabang Bayi”, “Sumur Jalatunda Tegangpati dan Keprabonan”, “Maulid Nabi dan Acara Panjang Jimat”.

Struktur anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta téma, galur, palaku jeung latar. Sacara umum téma dina kumpulan carita rayat Cirebon mangrupa téma sosial jeung kapercayaan atawa religi, di jeron aya pesen moral anu bisa dibawa pikeun bekel, alur anu digunakeun alur maju, sedengkeun tokoh nu dicaritakeun didominasi ku Sunan Gunung Jati salaku tokoh sentral dina berdirina Kasultanan Cirebon, latar caritana nyaéta Kasultanan Cirebon, Kuningan, Majalengka, Indramayu sarta tanah pakuan Pajajaran.

Tina sampel nu aya dina Kumpulan Carita Rayat Cirebon, dumasar kana analisis struktur jeung papatah anu aya dina unggal carita bisa dicindekeun kieu:

1) Struktur Carita Rayat Cirebon

a) Téma

Luyu jeung Carita Rayat anu didadarkeun dina sempalan-sempalan carita di luhur nyaéta lolobana patali jeung kaagamaan-religi, anu museur kana masalah syiar agama Islam di daerah Cirebon jeung sabudeureunana. Nyabit-nyabit perkara Wali Songo di Jawa Sunan Gunung Jati.

b) Palaku

Palaku dina sempalan Carita Rayat Cirebon téh nyaéta sabudeureun jalama-jalma anu miboga pangaruh kana nyiarkeun agama Islam nalika asup ka pulo Jawa. Najan éta ogé aya anu jadi puseur palakuna nyaéta Prabu Siliwangi salaku pamingpin karajaan Tarumanagara (karajaan Hindu pangkolotna di pulo Jawa) jeung Sunan Gunung Jati (salaku wali songo nu miboga pancén nyiarkeun agama islam di pulo Jawa utamana Jawa Barat).

c) Galur

Galur anu kapidangkeun dina sampel Carita Rayat Cirebon réréana make galur mérélé. Kalayan carita ngawanohkeun heula palaku jeung kajadian, medar kajadian, klimaks, tuluy dipungkas ku anti klimaks dipungkas ku ngaréngsékeun kajadian.

2) Papatah Budaya dina Carita Rayat Cirebon

Luyu jeung sampel Carita Rayat Cirebon, papatah budaya anu kapanggih dina éta carita lolobana patali jeung system Religi. Dina Carita ditétélakeun sangkan kaom muslim bisa nyiarkeun agama Islam kalayan kaffah luyu jeung ajaran Al-qur'an jeung Al-hadist. Sangkan bagja dunya ahérat.

5.2 Saran

Sangkan hasil panalungtikan leuwih mangpaat, ditepikeun sababaraha saran.

- 1) Hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pikeun ngajarkeun dongéng di sakola, utamana keur di wewengkon Cirebon, sangkan murid leuwih apal kana budaya daérahna sorangan.
- 2) Hasil panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji tatapakan pikeun panalungtikan satuluyna.
- 3) Dina skripsi ieu hayu urang diajar keur leuwih mikawanoh kabudayaan daérah urang sewang-sewangan sarta terus ngupayakeun keur ngajaga jeung ngamumulé.

